



# Built to Lead

Pou Piblikasyon Imedya: 4/22/2016

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

## GOUVÈNÈ CUOMO ANONSE \$57 MILYON POU EDE KAY KI GEN REVNI FÈB YO REDWI NAN DEPANS SÈVIS PIBLIK, FÈ KAY YO VIN PI BON, PI ANSEKIRITE AK PI EFIKAS AN ENÈJI

*Preske 8,000 kay prevwa pou yo wè depans yo koupe a 20 poustan oswa plis*

*Envestisman Lokal konplete “Central NY Rising” – anprent inisyativ  
Revitalizasyon Upstate ki gen siksè nan reyon an pou devlope ekonomi an epi  
kreye nouvo opòtinite*

Gouvènè Andrew M. Cuomo jodia te anonse \$57 milyon nan Pwogram Asistans Entanperizasyon ki pral ede koupe nan depans pou sèvis publik pou apeprè 8,000 fanmi ki gen revni-fèb ansanm avèk gramoun yo nan eta. Fon yo ap pibliye nan yon rezo òganizasyon non-pwofi nan tout eta pou kondwi travay enèji-efikas sa ki gen ladan men ki pa limite a air sealing, ensilasyon, amelyore sistèm chofaj, ak tès dyagnostik pou idantifye danje tankou kabòn monoksid ak mwazi pou asire kalite lè.

“Pwogram Asistans Entanperizasyon an te ede plizyè milye kay ki gen revni fèb nan eta pou fè kay yo vin pi ansekirite ak bòdwo elektrik yo vin pi a bon mache,” **Gouvènè Cuomo te deklare.** “Finansman sa ap chita sou siksè sa nan ede plis Nouyòkè ekonomize lajan sou depans enèji yo pandan lap kreye kominate ki pi pwòp ak pi dirab nan chak kwen nan eta.”

Anons lan te fèt pa New York State Homes and Community Renewal nan yon kay rezidansyèl nan Endicott, New York, ki te entanperize pat twò lontan de sa.

WAP jere pa HCR avèk fon ki soti nan Depatman Enèji ak Sèvis Imen Etazini. Sèvis yo disponib nan chak konte nan eta grasa yon rezo founisè lokal nan tout eta. Yo bay priyorite pou kay yo avèk timoun, gramoun, moun ki andikape, ansanm avèk moun sila yo kap resevwa fon nan Pwogram Asistans Enèji pou Revni Fèb. Pwogram nan ede tout kalite lojman enkli kay yonsèl fanmi, bilding plizyè fanmi, ak kay fabrike yo. Depi kreyasyon pwogram lan nan 1977, plis pase 688,000 kay te jwenn asistans.

Yon resan evalyasyon nasyonal WAP ki te komisyone pa DOE te jwenn ke pwogram lan efikas anpil nan klima frèt tankou New York. Travay nan bilding plizyè fanmi espesyalman koute mwen chè avèk envestisman WAP ekonomize anplis 20 poustan parapò a itilizasyon enèji-pre-entanperizasyon.

Yon total de \$1.3 milyon nan \$57 milyon prale nan bi pou bay rezo benefisyè avèk

fòmasyon ak asistans teknik. Fòmasyon nan teknik entanperizasyon tankou odit enèji ak repare sistèm chofaj ap asire ke yo itilize fon pwogram nan efikasman e travay la fèt ansekirite. Chak ane Pwogram Entanperizasyon an sipòte plizyè santèn bon djòb, ekolojik, e etablisman fòmasyon modèn nou an ap ede asire ke travayè yo reponn rapidman avèk teknoloji kap evolye yo.

**James S. Rubin, Komisyonè/PDG New York State Homes and Community**

**Renewal te deklare**, “Kay ki gen revni fèb yo depanse plis pase 10 pouzan nan revni kay yo, yon mwayèn, pou chofaj ansanm avèk lòt depans pou enèji. Ajoute ensilasyon, sele fwit lè, ak reglaj sistèm chofaj se aksyon ki peye pou tèt li nan ekonomi enèji. Yon envestisman ki relativman modès nan fon pou entanperizasyon ka vle di yon mond diferans pou yon fanmi ki an difikilte avèk depans enèji oswa yon granmoun ki gen yon revni fiks.”

**Depite Richard Hanna te deklare**, “Mwen kontan paske mwen wè ke yo te itilize resous federal sa yo pou travay nan kominote nou yo isit la nan New York. Li fè yon diferans enkwayab pou kèk nan fanmi nou yo ki gen plis bezwen, se poutèt sa map travay avèk Kongrè a pou konsève pwogram enpòtan sa a.”

**Depite John Katko te deklare**, “Moun ak fanmi yo nan Central New York merite enèji efikas ki ansekirite, ak lojman a bon mache. Envestisman sa ap ede amelyore nivo sekirite ak sante nan katye nou yo epi asire ke yo bay asistans enèji pou moun sila yo nan kominote nou an ki bezwen I piplis.”

Wap jwenn yon lis benefisyè prim nan Pwogram Asistans Entanperizasyon 2016 ki disponib [la](#).

Pou w jwenn plis enfòmasyon sou WAP ak yon lis prim pa rejon, klike [la](#).

### Akselere Central NY Rising

Konpleman Inisyativ Revitalizasyon Anba Lavil “Central NY Rising,” plan konpreyansif zòn nan pou jenere gwo kwasans ekonomik ak devlopman kominotè. Eta te envesti preske \$3 milya nan rejon an depi 2012 pou depoze fondasyon pou “Central NY Rising” – kapitalize sou opòtinite mache mondyal la, ranfòse antreprenarya ak kreye yon ekonomi enkliziv. Jodia, chomaj desann nan nivo ki pi ba depi anvan Gran Resesyon an; enpo sou revni pèsonèl ak antrepriz desann; epi biznis yo ap chwazi kote tankou Syracuse, Oswego and Auburn kòm yon destinasyon pou yo grandi ak envesti.

Kounye a, rejon an ap akselere “Central NY Rising” avèk yon envestisman \$500 milyon Eta atravè Inisyativ Revitalizasyon Upstate la, Gouvènè Cuomo te anonse nan Desanm 2015. Envestisman \$500 milyon Eta a pral ankouraje biznis prive pou yo envesti plis pase \$2.5 bilyon – e plan rejon an, jan yo te soumèt li, prevwa jiska 5,900 nouvo djòb. Wap jwenn plis enfòmasyon disponib [la](#).

###

Wa p jwenn lòt nouvèl nan sitwèb [www.governor.ny.gov](http://www.governor.ny.gov)  
Eta New York | Executive Chamber | [press.office@exec.ny.gov](mailto:press.office@exec.ny.gov) | 518.474.8418